

## GOD IS YOUR PORTION AND KNOWS YOUR NEEDS

### Lesson 127

#### NUMBERS : 18:1-16

Memory verse : "*I will abundantly bless her provision, I will satisfy her poor with bread.*" Psalm 132:15

**IMANA NIWE MUGABANE WAVE KANDI ARAZI IVYO UKENYE.**

### Icirwa ci 127

#### Guharura 18:1-16

Ijambo ngenderwako : "*Ivyokurya vyaho nzobihezagira cane, nzohaza aboro baho umutsima.*" Zaburi 132:15

### I. Intangamarara

Uhoraho yari yaratoranije Abaherezi ngo babe aribo bakora ibikorwa vyo mw'ihema ryiwe : Kumuhimbaza, gusenga no gusabira abantu, gutanga ibimazi,... kandi aba bategerezwa kuva mu muryango w' Abalewi. Abandi Balewi nibo bakurikirana ivy'ihema nko kuryikorera bahagurutse, kuririmba, gucira abantu imanza, kwigisha ivyagezwe, gukurikirana ubuzima bw'abaherezi, n'ibindi. Ibi vyabasaba inguvu n'umwanya ukwiye. Ibi yabishinze bakibaye mu bugararwa.

Kandi Uhoraho abarira Aroni ati : « *Ntuzogire itongo mu gihugu c'Abisirayeli, canke ngo ugire umugabane muri bo ; ni jewe mugabane wawe n'itongo ryawe mu Bisirayeli.* **Umurongo wa 20.** Gusa, bazohabwa ibisagara vyo kubamwo. **Guh. 35.** None bazotungwa n'iki ? Ni ivyumvikana ko bategerezwa gutungwa n'ishengero. Uhoraho yabiteguye gute ?

Ku bimazi vyatangwa ku bitungwa canke ivyimbura vyose, ivyaba bitatongowe ku gicaniro ndetse n'amahera yatanzwe ngo abe incungu y'imfura mu muryango; vyaba ari umugabane w'abaherezi nk'impembembo yabo. Kuvyo bahawe, nabo basabwa kubitangako ibigiracumi, bigahabwa umuherezi mukuru.

### II. Imana yarizi ivyo bakeneye.

Kubere ko Imana yaha agaciro igikorwa cayo co mw'ihema, niko kugishinga abantu benshi kandi b'umuryango umwe. Aba barahuza ibiganiro mu gihe c'ibikorwa vyo mw'ihema, barashobora kumvikana neza kuko ata ca batandukanya. Basa n'umuryango w'abakristo mu ngoro y'Imana. Babaye

barakijijwe vy'ukuri, umwe wese yumva ko mugenziwe, ari umuvukanyi ; bigatuma bahuriza hamwe muri vyose.

Hamwe n'uko Imana yabaha ibibakwiye vyo kubatunga, vyumvikana ko bari abatoranijwe kugira bahabwe umugisha n'umunezero wo muvya Mpwemu. Nta wundi yashobora kumenya ico Imana ivuga, kitavuzwe n'umulewi. Abandi bazoba bibereye mu matongo n'ubworozi, aba nabo bariko bavugana n'Imana. Ntibazoterwa n'inzara kubera iki gikorwa. Abaherezi bari bafise umugabane barira kw'ihema ibindi bakabitahana mu miryango yabo co kimwe n'abandi Balewi. Hari n'ibindi batarinda gucana kw'iheme, bakabijana ku muherezi.

**Soma umur. 25 na 30.** Ibi birerekana ko naho woba ukora neza ibikorwa vy'Imana m'urusengero, udakwiye kwirengagiza gutanga mubivuye m'ubutunzi bw'amaboko yawe.

### **III. Umugambi w'Imana k'ubuzizma bwawe uyu musu.**

Ivyabaye ku Bisirayeli biratubera akarorero muri vyinshi. Nawe urashobora kuza ukegera intebe y'Imana witwaje amashikanwa y'ivya Mpwemu kugira uhabwe umugisha uva k'Umwami Yesu. Erega nta kindi agusaba atari kwemera Yesu kariwe Mwana w'Imana Mesiya w'isezerano, ugashira amavi hasi ukamusenga winginga, ukareka akakubera Umwami n'Umukiza mu b uzima bwawe. Agakiza ni ingabire azokaguhera ubuntu. N'Intambara azozikurwanira.

Pawula arakubwira ko abagutanze kwinjira bamaze kuba muri uyu muhezagiro. **Efeso 1 :3** « *Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo se, iragahezagira, yaduhezagiriye imihezagiro yose y'Impwemu ahantu ho mw'ijuru muri Kristo. »* muri iyi migisha yose twahezagiwe, harimwo n'ivyo kutubeshaho kuko Imana ivuga ngo : : " *Ivyokurya vyaho nzobihezagira cane, nzohaza aboro baho umutsima. "*

. Ntiyobewe ko hariho aboro, ariko igituma batararapfa kubera inzara ni kubera ivyo baronse vyose biba bihezagiwe n'Umwami Imana, Nico gitumwa abamwakiriye bitwa abanyamugisha

### **IV. Gushira mu ngiro.**

Imana irazi ivyo ukenye vyose kandi niyo mugabane wawe n'itongo ryawe muri iyi si. Ivyo utunze ni ivy'agaciro. Iki nico gituma udakwiye kwiganyira muri vyinshi kuko imigisha ya Mpwemu wahawe ari ngirakimazi, ntukayigereranye n'ivyo ubona wokwita ubutunzi bw'isi.

Birashoboka ukaba wahora wiganyira kubera uko ubayeho bikaba vyogutuma ufata ingigo zitabereye. Fata akanya usenge Imana kugira iguhe ivyizigiro

wongera umenye guharura imigisha yaguhaye. Aho niho uzokwishurwa n'ibindi ugihajije.